



NŌT ENFOMASYON

Lè nou konsidere konsekans negatif epidemi "COVID-19" la kapab genyen sou sistèm finansye a ak ekonomi an an jeneral, BRH (Bank Repiblik Ayiti) pran yon seri mezi ki konsène enstitisyon finansyè yo yon fason pou kondisyon lavi popilasyon an pa vin pi mal:

- 1) bese to prensipal BRH la, sa ki ta dwe ede bese to enterè sou prè yo;
- 2) bese to rezèv obligatwa yo, nan sousi pou fasilite bank yo jwenn resous epi bay plis kredi;
- 3) bese to refinansman BRH la pou fasilite bank yo jwenn likidite;
- 4) fasilite kondisyon pou kliyan yo ranbouse prè yo pandan yon periòd twa (3) mwa;
- 5) abandone frè BRH te konn pran sou SPIH(Sistèm pèman ant bank yo), nan sousi pou bese pri kliyan yo konn peye lè yap fè tranzakson an;
- 6) ogmante limit tranzaksyon finansyè ki fèt gras ak telefòn yo.

BRH ap pwofite ankouraje popilasyon an pou l itilize tout lòt mwayen ki genyen pou fè tranzaksyon tankou kat kri ak debi, transfè ant bank yo, tranzaksyon sou Entènèt ak sèvis finansye sou telefòn yo.

Tout mezi BRH pran yo, ap komanse aplike a pati lendi 23 mas 2020.

Pòtoprens, 19 mas 2020

Jean-Benoît Dubois
Gouvènè

AVI

BRH (Bank Repiblik Ayiti) ap fè tout bank ak lòt enstitisyon yo konnen, li modifye to enterè anyèl sou Bon BRH yo, nan fason sa a:


1. To enterè sou Bon BRH yo

<u>Kantite jou</u>	<u>To</u>
7 jou	4%
28 jou	6%
91 jou	10%

2. To miz an pansyon Bon BRH yo 17%

Desizyon sa ap komanse aplike apati vandredi 20 mas 2020 an.

Pòtoprens, 19 mas 2020


Jean-Benoît Dubois
Gouvènè



BANQUE DE LA RÉPUBLIQUE D'HAÏTI

Le Gouverneur

Ref- BRH/DCC/CIRC#01-20

POU BANK KOMÈSYAL AK BANK EPAY-LOJMAN YO

Apati 20 mas 2020, to rezè obligatwa sou pasif an goud ak pasif an deviz yo ansanm ak to konstitisyon rezè sou pasif an deviz yo pral modifye konsa:


-To rezè obligatwa

	<u>Pasif an Goud</u>	<u>Pasif an deviz</u>
Bank komèsyal	40%	51%
Bank epay ak lojman	28.5%	39.5%
Filial ki pa bank	40%	51%

-To konstitisyon rezè sou pasif an deviz yo

<u>Pati k ap bay an Goud</u>	<u>Pati k ap bay an deviz</u>
12,5%	87.5%

Pòtoprens, 19 mas 2020


Jean Baden Dubois
Gouvènè

SIKILÈ Nimewo 115

POU ENSTITISYON FINANSYÈ YO

Sou baz dispozisyon atik 83 ak atik 161 lwa 14 me 2012 sou bank yo ak lòt enstitisyon finansyè yo, bank yo, sosyete finansyè pou kore devlopman yo, sosyete kat kredi ak sosyete ki bay kredi-bay yo ("enstitisyon finansyè" nan rèz dokiman an), enstitisyon sa yo oblije konfòme yo avèk dispozisyon ki gen rapò ak prè komèsyal yo, prè sou lojman ak prè konsomasyon, jan sa montre pi ba a:

1. Twa (3) mwa delè sou tout prè

Enstitisyon finansyè yo oblije bay yon delè twa (3) mwa, ki kòmanse premye avril pou rive 30 jen 2020, pou kèlkanswa moun ki prete lajan nan sistèm nan ki vle benefisye de delè a. Pandan peryòd sa a, se sèlman pèman enterè sou manman lajan an enstitisyon finansyè yo dwe reklame.

2. Restriktirasyon ak kreyasyon pwovizyon

Nan yon chita pale ak kliyan yo, enstitisyon finansyè yo kapab renegosye kondisyon yon prè lè sitiyan finansyè kliyan yo deteryore. Pou yon prè kapab restriktire, enstitisyon finansyè yo gen otorizasyon, pandan yon peryòd yon (1) ane:


- * Pou yo pa kreye pwovizyon espesifik pou prè ki pa gen pwoblèm rive nan dat 31 mas 2020;
- * Kreye pwovizyon espesifik 5% sou tout prè ki pa gen pwoblèm yo rive nan dat 30 septanm 2019, sa ki tonbe daplon avèk sikilè No 87 sou klasifikasyon prè yo ak zafè prepare rezèv pou dèt ki ka gen pwoblèm yo.

3. Lòt mezi

Pandan peryòd 3 mwa delè sa a:

- * Pa gen dwa gen frè reta sou prè yo, menm sou kat kredi yo tou;
- * tout sezi/vant garanti sou prè sou lojman yo fè yon kanpe;
- * transmisyon enfòmasyon ki abitye bay nan BIC (Biwo Enfòmasyon sou Kredi), yo dwe kanpe pou mwa mas, avril, me ak jen 2020.


Pòtoprens, 19 mas 2020


Jean Badier Dubois
Gouvènè

AVI POU BANK YO

BRH (Bank Repiblik Ayiti) ap fè tout bank yo konnen li deside anile frè trantsenk goud (HTG 35.00) ki gen rapò avèk transfè ki fèt nan sistèm bankè a atravè SPIH(Sistèm pèman ant bank yo), soti 23 mas pou rive 30 jen 2020, yon fason pou diminye frè kliyan yo konn peye pou fè tranzaksyon yo.

Pòtoprens, 19 mas 2020


Jean-Benoît Dubois
Gouvènè

AVI


POU ENSTITISYON FINANSYÈ YO

Sou baz prensip direktè Bank a Distans yo (BAD) premye oktòb 2010 yo, ansanm ak nòt adisyonèl 21 fevriye 2011 yo, BRH (Banque de la République d'Haiti) ap fè tout enstitisyon finansyè, ki otorize pou resevwa depo yo konnen limit ki pral aplike kounye a, lè y ap bay sèvis finansye andeyò sikisal tradisyonèl yo, pandan y ap respekte aktivite ki otorize yo.

- a) Limit ki dwe aplike kòm balans tout kont BAD: 75,000 Goud
- b) Limit total tout tranzaksyon k ap fèt nan yon jou: 75,000 Goud
- c) Akimilasyon tranzaksyon pou yon mwa: 400,000 Goud

Mezi sa a antre anvigè apati lendi 23 mas 2020, epi l ap rete anvigè jouk dat 30 jen 2020.

Pòtoprens, 19 mas 2020.


Jean Badin Dubois
Gouvènè